

7 septanm 2017

Chè fanmi,

Premye priyorite nou se pou asire pitit ou a aprann nan lekòl ki gen sekirite, ki bay anpil sipò ak ki akeyi tout moun. Pou nou amelyore kilti ak klima anndan lekòl yo, nou itilize apwòch pou prevansyon ki abòde vrè koz yon konfli. Nou kwè li enpòtan pou ranfòse konpòtman pozitif avèk opòtinite pou aprann yon bagay. Anmèmtan, nou mete elèv responsab pou aksyon yo. Nou vle pou yo reflechi sou konpòtman yo epi repare fòt yo.

Pou bati yon baz solid kote elèv ka grandi ak pwospere, jodia lekòl nou yo ap adopte yon vèsyon revize *Atant konpòtman pou sipòte aprantisaj elèv pou tout Vil* (Kòd Disiplin). Pami chanjman yo, gen itilizasyon entèvasyon pou konsèy, mezi sipò ak mezi disiplin ofiamezi ki adapte avèk devlopman sosyal ak emosyonèl yon elèv. Tout chanjman nou fè yo se rezilta pwosesis revizyon piblik ki te gen ladan opòtinite pou tande divès ka, ak opinyon manm kominote a tankou oumenm.

Mwen ankouraje w pou li Kòd Disiplin lan pou vin abitye avèk nòm konpòtman ki ladan yo —ak konsekans si nòm sa yo pa respekte. Tanpri pale sou nòm ki nan Kòd Disiplin lan avèk pitit ou. Tout Kòd Disiplin lan okonplè disponib nan 10 lang sou sitwèb Depatman edikasyon an (DOE) (schools.nyc.gov/RulesPolicies/DisciplineCode/default.htm) ak sou papyè nan lekòl yo. Nòm yo souliye nan Kòd la aplikab pou konpòtman elèv genyen:

- Nan lekòl, avan, pandan, ak apre lè lekòl;
- Pandan yo nan machin DOE finanse;
- Nan aktivite lekòl patwone; ak,
- Andeyò pwopriyete lekòl la lè konpòtman an gen yon efè negatif sou aprantisaj oswa si konpòtman an mete sante, sekirite, oswa byennèt kominote lekòl la an danje.

Kòd disiplin lan divize an de seksyon: Seksyon A se pou klas Kindergarten jiska klas 5yèm ane epi Seksyon B se pou klas 6yèm jiska klas 12yèm ane. Chak seksyon dekri senk nivo enfraksyon ak kantite entèvasyon konsèy ak aksyon disiplin estaf lekòl la ka pran. Men kèk entèvasyon oryantasyon ki posib: konsèy, medyasyon ak reyinyon avèk konseye lekòl la. Men aksyon disiplin yo: reyinyon avèk paran, retni apre-lekòl, oswa ranvwa tanporè, depann move konpòtman an.

Kòd Disiplin lan aplike pou tout elèv. Li gen yon lwa sou Dwa ak Responsablite Elèv ak Avi Pwosedi sou Pwoteksyon an. Kòd la abòde tou pwoteksyon pou elèv ki gen andikap, ladan elèv yo kwè ki gen andikap.

Patisipasyon fanmi se yon pati enpòtan nan tout travay nou, epi se kle pou bati lekòl solid. Nou konte sou kolaborasyon w anpil pou kenbe yon anviwònman aprantisaj ansekirite pou tout moun. Mèsi dèske ou ede fè kominote lekòl nou an vin pi bon, pi solid, ak pi ansekirite pou timoun nou yo. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele administratè lekòl ou a.

Avèk senserite,



Carmen Fariña
Chanselye